QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«23» июль 2021-y. № 03-03/01-3400 «_____»-__________ 2021-j.

**Әмиўдәрья, Тақыятас, Төрткүл, Шымбай районлары ҳәм Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслықларына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге төмендегилерди малим етип билдиреди.

Бүгинги күнде быйылғы жаз мәўсиминиң төртинши гезегинде (13-июль-24-июль күнлери) кем тәмийинленген шаңарақлар перзентлеринен жәми 568 бала (реже 612 бала) дем алдырылды. Көрсетилген реже бойынша 44 баланың дем алыўлары шөлкемлестирилмеди.

Атап айтқанда, Елликқала районындағы "Арал балалары" балалар дем алыў орайына бағыўшысын жоғалтқан ҳәм кем тәмийинленген шанарақлардың балаларынан Әмиўдәрья районынан 20 бала (реже 30 бала), Тақыятас районынан 10 бала (реже 17 бала), Нөкис қаласынан 59 бала (реже 63 бала), Төрткүл районындағы "Лочин" балалар дем алыў орайына Төрткүл районынан 28 бала (реже 40 бала) ҳәм де Нөкис қаласындағы "Туран" балалар дем алдырыў орайына Шымбай районынан 14 бала (реже 25 бала) дем алдырылмақта.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Жоқарғы Кеңес Президиумының Қарарына муўапық белгиленген тәртипте республикамыз аймағындағы 6 дем алыў орайларына жазғы мәўсимнин 5-6-гезегинде реже тийкарында кем тәмийинленген шаңарақлар перзентлерин ҳәм 4-гезекте орайларда дем алдырылмаған 44 баланы (5-6-гезеклерде) толық қамтыўын ҳәм дем алдырылатуғын балалардың дизимин ҳәр гезектен бир күн алдын балалар дем алыў орайларына ҳәм министрликтиң Руўхый, әдеп икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс бөлимине мағлыўмат берип барыўыңызды сораймыз.

**Министр орынбасары** **Ш. Таджимуратов.**

Орынлаўшы: Қ. Бекимбетов
Тел: 61-222-24-29

O'ZBEKISTON KASABA UYUSHMALARI FEDERATSIYASINING QORAQALPOG'ISTON KENGASHI

O'zbekiston kasaba uyushmalari Federatsiyasi

ÓZBEKSTAN KÁSIPLIK AWQAMLARÍ FEDERACIYASÍNÍŃ QARAQALPAQSTAN KEŃESI

230100, Nukus shahri, A.Temur ko'chasi 120. Tel.: (61)222-97-16 faks: (61)222-97-16 www.qqr.kasaba.uz e-mail: nukus@kasaba.uz
230100, Nókis qalası, A.Temur kóshesi 120. Tel.: (61)222-97-16 faks: (61)222-97-16 www.qqr.kasaba.uz e-mail: nukus@kasaba.uz

№ МД-04/774
"19" июль 2021

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министриниң**
**орынбасары**
**Ш.Таджимуратовқа**

2021-жылы жазғы мәўсимде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 24-майдағы «2021-жылғы балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў мәўсимине таярлық көриў ҳәм оны өткериў ис-иләжлары ҳаққында»ғы 01-07-01-8-санлы №1-санлы Баянламасы тийкарында 3000 бала «Меҳрибанлық үйи» тәрбияланыўшылары, бағыўшысын жоғалтқан ҳәм кем тәмийинленген шаңарақлардың балаларын дем алдырыў ҳәм саўалландырыўды қаржыландырыў мақсетинде 2021-жыл 5-июль күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң **«2021-жылғы жаз мәўсиминде «Меҳрибанлық үйи» тәрбияланыўшыларын, бағыўшысын жоғалтқан ҳәмде кем тәмийинленген шаңарақлардың балаларын дем алыў ҳәм саўалландырыў орайларына жибериў ушын қаржы ажыратыў ҳаққында»ғы** 393-санлы Президум қарары қабыл етилди.

Бүгинги күнде быйылғы жазғы мәўсимниң <u>төртинши гезегинде </u>(13 июль-24 июль күнлери) кем тәмийинленген шаңарақлар перзентлеринен жәми **568** бала *(реже 612 бала)*, соннан:

**1.«Ақ кеме»** балалар дем алыў орайында **220 бала (соннан,** «Меҳрибанлық үйи»ниң 40 тәрбияланыўшылары ҳәм **180** кем тәмийинленген**);**

**2.«Арал болалары»**дем алыў орайында **89 бала (реже 110 бала);**

**3.«Лочин»**дем алыў орайында **103 бала (реже 115 бала);**

**4. «Айдын жол»** дем алыў **67 бала;**

**5. «Арал»** дем алыў орайында **50 бала;**

**6. «Туран»** дем алыў орайында **39 бала (реже 50 бала)** саўалландырылмақта.

Сондай-ақ, 4 –гезекте, жәми **44 баланың** дем алыўлары шөлкемлестирилмеди, атап айтқанда **Елликкала районындағы "Арал балалары"** балалар дем алыў орайына бағыўшысын жоғалтқан ҳәм кем тәмийинленген шаңарақлардың балаларынан <u>Әмиўдәрья районынан</u> **20 бала (реже 30 бала)**, <u>Тақыятас районынан</u> **10 бала (реже 17 бала)**, <u>Нөкис қаласынан</u> **59 бала (реже 63 бала)**, **Төрткүл районындағы "Лочин"** балалар дем алыў орайына Төрткүл районынан **28 бала (реже 40 бала)** ҳәмде **Нөкис қаласындағы "Туран"** балалар дем алыў орайына Шымбай районынан **14 бала (реже 25 бала)** дем алдырылмақта.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Жоқарғы Кеңес Президумының Қарарына муўапық белгиленген тәртипте Республикамыз аймағындағы 6 дем алыў орайларына <u>жазғы мәўсимнин 5-, 6-гезегинде</u> реже тийкарында кем тәмийинленген шаңарақлар перзентлерин ҳәм 4-гезекте орайларда дем алдырылмаған **44 баланы** *(5-, 6-гезеклерде)* толық қамтыўын ҳәм дем алдырылатуғын балалардың дизимин ҳәр гезектен бир күн алдын балалар дем алыў орайларға ҳәм Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Қарақалпақстан Кеңесине бериўиңизни сораймыз.

**Баслық орынбасары:** **М.Данияров**

*Таярлаған: Б.Мунназаров*
*тел. 222-15-54*

QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 869
"23" июль 2021 JIL